Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO AN WÒZ POU REKONÈT MWA SANSIBILIZASYON SOU KANSÈ NAN TETE A

Plis pase 2.4 milyon fanm te resevwa depistaj pou kansè nan tete nan 2019

Depatman Sante Eta New York lanse Kanpay Miltimedya pou ogmante pousantaj depistaj yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Yon World Trade Center, Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, Pon Kosciuszko, Bilding H. Carl McCall SUNY, Bilding Edikasyon Eta a, Bilding Biwo Eta Alfred E. Smith, Teren Fwa Eta New York, Chit Niagara, Pon Mid-Hudson, Gran Tèminal Santral ak Pòtay Entènasyonal Ayopò Albany an ap limen an woz pou komemore Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete. Kansè nan tete se kansè yo dyagnostike pi souvan e dezyèm kòz lanmò kansè pou fanm nan Eta New York. Pandan Eta New York ap goumen kont pandemi COVID-19 la, fanm yo toujou ap devlope epi mouri nan kansè. Chak ane, 16,200 fanm nan New York dyagnostike ak kansè nan tete epi apeprè 2,500 moun mouri nan maladi an.

"Pandan COVID-19 la te fòse anpil Nouyokè repouse egzamen sante woutin yo pandan moman ki pi fò pandemi an, restriksyon sou swen medikal ki pa ijan yo te ogmante, alò nou ankouraje fanm yo rete ajou ak depistas kansè nan tete yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "N'ap kontinye fè li yon priyorite epi rann li pi fasil pou chak fanm nan New York jwenn depistaj ki sove lavi sa yo."

Depatman Sante a (Department of Health) te lanse yon kanpay medya plizyè faz 1ye oktòb la. Kanpay la ankouraje moun ki pa ajou nan depistaj yo pou yo fè yon mamogram. Materyèl kanpay yo te devlope baze sou kòmantè fanm ki nan gwoup ki gen gwo risk yo epi abòde pè yo ak move konsepsyon yo sou kansè nan tete ak depistaj.

"Pandan Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete a, n'ap mete aksan sou resous ak sèvis pou Nouyokè yo fè depistaj epi raple yo enpòtans pou fè sa pandan n'ap kontinye goumen kont pandemi COVID-19 la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou te fè gwo pwogrè nan rechèch sou kansè nan tete ak devlopman, e nou vle asire ke moun ak fanmi yo gen aksè nan swen yo bezwen pou viv ansante epi viv

nan tout sekirite. Mwen fyè pou ede fè limyè sou pwoblèm sa nan kad efò nou pou montre wout la epi fè Eta New York yon kote ki gen plis sekirite, yon pi bon kote pou rezidan nou yo ak fanmi yo."

Nan New York, fanm ant 50 ak 74 an ki repòte yo te fè yon mamogram nan de ane ki pase yo te ogmante soti 82.1 pousan nan 2018 a 83.3 pousan nan 2019. Fòs Entèvansyon pou Sèvis Prevansyon Etazini an (United States Preventive Services Task Force) rekòmande pou fanm 50 ak 74 an yo fè yon mamogram chak de zan. Fanm, ki enkli sa ki genyen ant 40 ak 49 an, sa ki gen yon istwa fanmi oswa lòt faktè risk pou kansè nan tete, ak sila yo ki gen kèlkeswa sentòm oswa chanjman nan tete yo, ta dwe pale ak doktè yo sou ki kalandriye depistaj ki bon pou yo.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Pandan depistaj kansè yo te afekte pa pandemi COVID-19 la, n'ap kontinye fè depistaj la yon priyorite. Mwen ankouraje fanm nan tout Eta New York pou yo fè depistaj ak objektif pou detekte kansè a bonè lè li ka pi fasil pou trete".

Pou fanm ki te ranvwaye depistaj kansè nan tete yo, kounye a se moman pou repwograme. Biwo doktè yo ak sit mamografi yo swiv nòm COVID-19, mezi sekirite, ki genyen ladan yo poze pasyan yo kesyon sou sentòm yo anvan randevou a, egzije pèsonèl ak pasyan yo mete mask, ak sanitasyon ak netwayaj ekipman mamografi ak sal datant yo. Pandan biwo medikal yo ap fè sa yo kapab pou asire sekirite pasyan yo, fanm yo ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo tou konsènan sante jeneral yo ak risk yo pou kansè nan tete anvan yo fikse randevou yo.

Divès inisyativ Eta NY kontribye pou ogmante pousantaj depistaj yo, ki enkli Pwogram pou Sèvis Kansè Eta New York la (New York State Cancer Services Program), ki bay depistaj ak fanm ki pa asire yo nan chak konte. Eta a gen pwogram tou ki konsantre sou edikasyon fanm sou enpòtans depistaj epi pou ankouraje yo rele pwofesyonèl swen sante yo. Gen lòt pwogram ki konsantre sou retire baryè pou depistaj yo, tankou yon pwogram mamografi mobil k'ap sèvi 40 konte aktyèlman ak yon pwogram navigasyon pasyan ki bay asistans endividyèl pou fanm.

Lwa eta ki anplas depi 2016 yo ap rann li pi fasil pou fanm yo fè depistaj nan orè ki pwolonje pou depistaj epi ofri anplwaye piblik yo konje pou depistaj peye. Anplis de sa, an out 2019, Gouvène Cuomo te siyen lwa Shannon lan, ki egzije gwo gwoup konpayi asirans yo pou kouvri medikaman mamogram ki nesesè yo pou fanm ki aje ant 35 ak 39 ane yo.

Pifò plan sante yo kouvri depistaj kansè nan tete, ki enkli Medicaid ak plan sante ki patisipe nan Sante Eta New York la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram depistaj pou moun ki pa asire ak lòt Pwogram pou Kansè nan Tete Eta NY isit la. Nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou rejwenn nou nan aktivite ki gen rapò ak sa pandan obsèvasyon ki ap dire tout mwa sa a pou ede ogmante sipò ak sansibilizasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU